

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP) 2**DARING**

Satuan Pendidikan	: SMP Negeri 22 Surabaya	Kompetensi Dasar	: 4.2
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Materi Pokok	: Teks Drama Tradisional
Kelas / Semester	: IX / Ganjil	Alokasi Waktu	: 60 menit

TUJUAN PEMBELAJARAN

1. Setelah melihat video drama tradhisional, siswa mampu dapat mengalih wacana-kan (mengubah) video drama menjadi teks prosa dengan unggah ungguh dan undha usuk basa yang baik.
2. Setelah melihat video drama tradhisional, siswa mampu mempraktekan adegan dalam drama tradhisional dengan baik sesuai kaidah dengan benar.

KEGIATAN PEMBELAJARAN

TAHAP PEMBELAJARAN	DESKRIPSI KEGIATAN	ALOKASI WAKTU
KEGIATAN PENDAHULUAN		
	<ul style="list-style-type: none"> • Guru menyapa siswa melalui aplikasi <i>google meet</i>, dilanjutkan dengan doa yang dipimpin oleh ketua kelas. • Peserta mengisi daftar absen melalui link <i>google form</i> yang sudah diberikan oleh guru melalui <i>whatsapp</i> sebagai bentuk tanggungjawab dan kedisiplinan. • Guru melakukan apersepsi dengan bertanya jawab kepada siswa mengenai pengertian dan unsur drama tradhisional melalui <i>google meet</i>. • Guru memberi motivasi belajar peserta didik mengenai manfaat materi drama tradhisional. • Guru menyampaikan tujuan pembelajaran yang akan dicapai yaitu merubah drama tradhisional dalam teks prosa. 	10 menit
KEGIATAN INTI		
Mengamati	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta menyimak penjelasan guru terkait tata cara mengubah teks dan video drama ke dalam teks prosa dengan penuh tanggung jawab. • Peserta didik mengakses contoh video drama tradhisional pada link <i>youtube</i> https://www.youtube.com/watch?v=MkJEgZhnAhk dengan penuh tanggung jawab. • Peserta didik mendengarkan penjelasan guru terkait mempraktekan salah satu adegan dalam video drama tradhisional dengan teliti dan tanggung jawab. 	40 menit
Menanyakan	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bertanya jawab tentang isi dan tata cara mengubah video drama ke dalam bentuk teks prosa drama tradhisional dengan santun dan penuh percaya diri. 	
Menalar/ mengeksplorasi	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik mencari informasi terkait isi dan unsur dalam video drama tradhisional secara mandiri dan penuh tanggung jawab. • Peserta didik mencari referensi adegan drama yang akan dipraktekan secara mandiri. 	
Mengasosiasi	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menganalisis isi dan unsur drama tradhisional bahasa Jawa dengan antar siswa melalui <i>google classroom</i> dengan penuh tanggung jawab. • Peserta didik melatih salah satu adegan dalam drama tradhisional secara mandiri dan tanggungjawab. 	
Mengomunikasikan	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menyampaikan analisis video drama tradhisional dalam bentuk teks prosa yang diupload dalam form office 365. • Peserta didik membuat video praktek (monolog) salah satu adegan drama tradhisional dengan percaya diri dan santun 	
KEGIATAN PENUTUP		
	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik dan guru bersama siswa melakukan refleksi hasil pembelajaran. • Guru memberikan penilaian kepada siswa dari hasil tugas akhir siswa. • Guru memberikan motivasi, salam penutup dan menutup pembelajaran dengan doa melalui <i>google meet</i>. 	10 menit

ASESMEN/PENILAIAN

- Sikap : - Penilaian meliputi sikap tanggung jawab, jujur, unggah ungguh, dan ketepatan waktu mengerjakan.
- Pengetahuan : - Analisis hasil pekerjaan siswa tentang hasil akhir mengubah teks atau video drama ke dalam teks prosa dengan baik.
- Keterampilan : - Praktek secara langsung salah satu adegan drama dengan instrumen penilaian.

Mengetahui,
Kepala SMP Negeri 22 Surabaya

Yulia Krisnawati, M.Pd.
NIP. 196407171987032011

Surabaya, 13 Juli 2020
Guru Mata Pelajaran

Dwi Siswanto, S.Pd.
NIP. -

MATERI AJAR

DRAMA TRADHISIONAL

1. Pangertene Drama Tradhisional

Apa nate krungu tembung drama? Saperangan mesthi wis nate krungu tembung kuwi. Menawa krungu tembung drama umume mesthi kelingan salah sawijine pentas kang digelar ana ing panggung. Pancen, drama kuwi asring digambarake minangka pentas ana ing panggung hiburan.

Saliyane tembung drama, awake dhewe uga kerep krungu tembung sandiwara. Sandiwara kuwi disusun saka tembung sandi lan warah. Tembung sandi ngemu teges “rahasia/wewadi”, dene warah ngemu teges “wewarah utawa ajaran”. Menawa digabungake tembung sandiwara ngemu teges wewarah kang diajarake kanti cara sesidheman.

Ana ing padinan, awake dhewe asring weruh wujud sandiwara sing ana ing sakupenge dhewe. Kayata sandiwara kang disiara ana ing radio, sandiwara ana ing TV, sandiwara kang dipentasake dening para bocah-bocah sekolah, sandiwara ing saben pentas kanggo mengeti dina Ambal Warsane Kamardhikan Republik Indonesia, lan liya-liyane.

Miturut Harymawan, ana ing buku Dramaturgi (1988: 1), tembung drama asale saka basa Yunani, draomai, kang ngemu teges tumindak. Saka pengertian kuwi Herymawan gawe pengertian tembung drama dadi telung perangan. Kapisan, drama yaiku kualitas saka komunikasi, tumindak, lan kabeh bab kang ana ing pagelaran lan bisa narik kawigaten, kadigdayan lan uga kuwating rasa para pamirsa lan uga sing padha ngrungokake. Kapindho, drama yaiku urip padinan kang digambarake mawi polah ana ing panggung. Menawa carita ing buku awake dhewe kudu migunakake bayangan utawa fantasi, ing drama kabeh carita digambarake mawi akting para paraga ana ing panggung, saengga awake dhewe bisa weruh wujud caritane langsung. Katelu, drama yaiku carita kang ngemu perkara ana ing panguripane manungsa, lan dipentasake awujud pacelathon lan polah akting ana ing ngarepe penonton.

2. Titikane drama :

Wujud crita kang diandharake nganggo pacelathon lan dipentasake.

1. Nyritakake lelakon manungsa utawa kahanan sakiwa tengene manungsa.
2. Pacelathon digawe wujud babak 1.... 2.... Lan sateruse.
3. Kahanan sakiwa tengene kadadeyan ditulis, lumrahe sajrone tandha kurung.
4. Amarga dipentasake, mula merlokake ubarampe pentas.

3. Jinise Drama:

1. Komedi yaiku drama sing ngandharake lelakon kang lucu saengga ndadekake wong kang nonton ngguyu lan seneng.
2. Tragedi yaiku drama kang ngandharake lelakon sing sedhik, nrenyuhakelan ndadekake wong kang nonton dadi trenyuh, wedi lan nelangsa.
3. Sendratari yaiku drama sing wujud seni drama lan tari. Crita drama diwujudake lumantar gerakan tari kang kairingi gamelan.
4. Tablo yaiku drama kang dipentasake lumantar swara saka mburine keber/ panggung. Paraga ing panggung mung nggambarake lan mragakake wae.
5. Opera yaiku drama dipentasake kanthi iringan lelagon lan musik. Yen pamentasan mung sadhela diarani operet.
6. Pantomim yaiku drama sing dipentasake lumantar obahe awak/ isyarat. Alur crita uga digambarake lumantar gerak.

7. Dhagelan yaiku drama kang dipentasake mung kanggo ngguyokake penonton. Dhagelan luwih prasaja tinimbang komedi.

D. Unsur-Unsur Kang Ana Ing Drama

Lumrahe unsur drama padha wae karo karya sastra fiksi liyane. Drama kasusun saka unsur intrinsik lan ekstrinsik.

1. Unsur intrinsik yaiku unsur kang ana ing sajroning drama.
 - a) Tema : Gagasan utama kang diandharake pangripta utawa pengarang.
 - b) Paraga : Pawongan kang ana ing sajroning drama.
 - c) Pamaragan : watak paraga kang ana ing sajroning drama. Kanggo mangerteni watake paraga saka pacelathon bisa rong cara.
 - 1) Saka tembung-tembung kang diomongake paraga nalika nganakake pacelathon karo paraga liya.
 - 2) Saka tetembungan kang diomongake paraga liya nalika ngomongake dheweke.
 - d) Alur : Urut-urutan crita kang ana ing sajroning drama. Nalika crita diwiwiti nganti paripurna. Alur dhewe diperang dadi telu yaiku alur maju, mundur lan campuran.
 - e) Konflik : Inti saka drama.
 - f) Pepeling : Pesen pangripta kang arep diaturake marang pamaos. Tujuwane amrih para pamaos nindakake apa kang dikarepake pangripta. Kanggo bisa nemtokake pesen saka pangripta kudu
 - 1) Mangerteni kanthi temen isine crita.
 - 2) Nggawe dudutan saka isine crita.
2. Unsur ekstrinsik yaiku unsur kang ana ing sanjabane dramananging, nduweni pangaribawa kang gedhe. Upamane faktor-faktor sosial politik nalika naskah drama diciptakake, faktor ekonomi, faktor lingkungan pangripta lsp.

E. Jinise lan Tuladhane Drama Tradhisional

1. **Ludruk** → Sarip Tambakoso, Babad Surabaya, Untung Surapati, lsp.
2. **Kethoprak** → Damarwulan, Ken Arok, Jaka Tingkir, Andhe-Andhe Lumut, lsp.
3. **Wayang Wong** → Lair Pandhawa, Anoman Obong, lsp.

F. Bab-bab sing kudu ditindakake paraga supaya bisa meranake drama slaras karo dapukane ana ing pamentasan drama yaiku :

1. Maca naskah drama
2. Mahami isi nasakah drama
3. Njiwani watak paraga sing arep diperanake.

G. Bab kang kudu Digatekake yen arep Nulis Tesk Prosa Drama Tradhisional

1. Mangerteni isi crita drama tradhisional sing arep ditulis dadi teks prosa saka naskah utawa pidio drama tradhisional.
2. Mengerteni paraga lan watake sing salaras karo isine drama.
3. Mangerteni alur lan setting ing njero crita drama tradhisional.
4. Nyusun tata urutane crita drama kanthi gagasan pokok saben pada.
5. Nggunakake tata basa baku sing trep lan sopan.
6. Mriksa sakabe isi crita drama lan ngowahi yen ana sing durung trep.

TEKS DRAMA TRADHISIONAL

ANDHE-ANDHE LUMUT

Dening: Ki Nano Pramudyo

Mbok Randha : Aku kok nganti bingung, jenenge lungguh aneng panggungan seprana-seprene, saka etungku meh ndungkap 40 dina. Aku kok ora ngerti sing dikarepke Andhe-Andhe Lumut.

Kleting Abang : Kula nuwun!

Mbok Randha : Mangga!

Kleting Abang : Mbok napa leres mriki desa Dhadhapan panggenanipun Baguse Andhe-Andhe Lumut?

Mbok Randha : Nggih leres kula mboke! Kersane napa?

Kleting Biru : Mbok kula ajeng nggungah-unggahi anak sampeyan

Mbok Randha : Semanten kathaha ajeng ngungah-unggahi anak kula Andhe-Andhe Lumut? Lha sampeyan jenenge sinten?

Kleting Abang : Nami kula Kleting Abang.

Para Kleting : Ngomong jenenge dhewe-dhewe!

Mbok Randha : Sak niki sampeyan kabeh kendel rumiyin, kula tarine anak kula.

Sabanjure Mbok Randha Dhadhapan ngadhepake siji baka siji para kleting kanthi ura-ura: "*Putraku si Andhe-Andhe Lumut, Tumuruna ana putri kangngungah-unggahi. Putrine kang ayu rupane. Kletingiku kang dadi asmane.*" Sawise para kleting diadhepake marang Andhe-AndheLumut, pranyata kabeh ditolak kanthi aris, mula sabanjure padha bali. Ora watara suwe Kleting Kuning lan Kleting Ganyong thothok-thothok lawange Mbok Randha Dhadhapan.

Kleting Kuning : Kula nuwun!

Mbok Randha : Iki ki ambune apa kok ora enak. E e e dadi kowe singmara nggawa bathang. Kowe ngapa mrengs ambumuora enak! Rada adoh!

Kleting Kuning : Nami kula Kleting Kuning, Mbok!

Mbok Randha : Kowe mrengs arep ngapa?

Kleting Kuning : Kula ajeng ngungah unggahi Baguse Andhe-AndheLumut.

Mbok Randha : Wong sing ayu-ayu wae padha ditampik apa manehkowe rupamu elek, ambumu ora enak, wis kana baliwae!

Kleting Kuning : Kula mboten bali yen anak sampeyan mboten ditaridhisik.

Mbok Randha : Yo daktarine anakku, muga-muga aja gelem!

Mbok Randha marani panggonane Andha-Andhe Lumut, banjur nembang: "*Putraku si Andhe-Andhe Lumut. Tumuruna ana putri kang ngungah-unggahi putrine kang ala rupane. Kleting Kuning iku kang dadi arane.*"

Andhe-Andhe Lumut : Kula tanpa mbok, kula dakmudhun, nemoni calon garwaku.

Mbok Randha : Piye to le, le! Sing ayu-ayu padha koktampik bareng sing elek rupane isih mambu telek malah ditampa. Simbok gela le...!

Andhe-Andhe Lumut : Mbok sakniki kula dakngomong mbok. Sampeyan dereng ngerti, satenane kula niki putra saking kraton Jenggala. Dene nami kula Panji Asmara Bangun.

Mbok Randha : Allah Gustiii... nyuwun ngapunten. Den..., kula mboten ngertos Den!

Andhe-Andhe Lumut : Mbok, niki sejatosipun garwa kula naminipun Dewi Sekartaji
Mbok Randha : Punika Den Ayu Sekartaji...? Nyuwun ngapunten
Den Ayu, kala wau kula degsiya kaliyan penjenengan!
Kleting Kuning : Nggih mbok, mboten dados punapa mbok.

Tanpa sangkan, ujug-ujug wis teka Klana Mudha Asmara.

Klana Mudha Asmara : Kowe Andhe-Andhe Lumut, kabeh mau aku wis ngerti!
Andhe-Andhe Lumut : Njur saiki karepmu piye?
Klana Mudha Asmara : Sekartaji tetep dakjaluk!
Andhe-Andhe Lumut : Ora bisa! Dewi Sekartaji kuwi garwaku, yen sira nekat bebasan
ngilani dhadhane Panji Asmara Bangun!

Klana arep njotos Panji Asmara Bangun, ditamani sada lanang dening Dewi Sekartaji, sakala Klana
Mudha Asmara kontal tiba ndhepani bumi.

Panji Asmara Bangun : Dhiajeng Sekartaji gandheng wus rampung, Mbok Randha dakkersakake
kaboyong ing Jenggala saikiuga, kondur ana ing Tambak Baya.
Dewi Sekartaji : Sumangga kula dherekaken!

LAMPIRAN 3

LEMBAR PENILAIAN PENGETAHUAN

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Program : XI/ Mipa-Ips
Semester : Genap
Tahun Ajaran : 2019/ 2020
Waktu Pengamatan : 2x45 menit

NAMA	:.....
KELAS	:.....
NO ABSEN	:.....

SOAL – SOAL URAIAN:

Kanthi maca teks drama “Andhe-andhe Lumut”, coba jawaben pitakonan ing ngisor iki!

1. Sebutna unsur intrinsik teks drama “Andhe-andhe Lumut” ?
2. Sapa wae paraga kang ana ing drama “Andhe-andhe Lumut”?
3. Kepriye watake para paraga sajrone drama “Andhe-andhe Lumut”?
4. Jelasna latare teks drama “Andhe-andhe Lumut”?
5. Jelasna temane teks drama “Andhe-andhe Lumut”?
6. Jelasna alure teks drama “Andhe-andhe Lumut”?
7. Jelasna seting teks drama “Andhe-andhe Lumut”?
8. Jelasna sudut pandange teks drama “Andhe-andhe Lumut”?
9. Jelasna amanate teks drama “Andhe-andhe Lumut”?
10. Miturut panemumu, sakupenge bab unsur intrinsik, babagan apa sing onja sajrone drama “Andhe-andhe Lumut”? jelasna panemumu!
11. Apa tanggapanmu sak wise maca teks drama “Andhe-andhe Lumut”. Miturutmu kepriye relevansi karo kahanan saiki?
12. Sawise mangerteni materi alih-wacana yaiku ndadekake naskah drama utawa video drama menyang bentuk teks prosa. Owahana teks naskah drama sing wis diwaca dadi teks prosa!

LAMPIRAN 4

LEMBAR PENGAMATAN DIRI

1. Wenehana tanda centang (√) ing andharan(pernyataan) sing kokanggep paling pas karo kanyatan sing koklakoni.
2. Katrangan kanggo mbiji pakulinan (kebiasaan):
 - 5 = ajeg
 - 4 = kerep
 - 3 = arang-arang
 - 2 = tau
 - 1 = blas

2. Lembar Pengamatan

No.	Aspek penilaian	Kriteria				
		5	4	3	2	1
1	b. Kulina ndonga (ngucap/nulis krana Gusti Kang Maha Kuwasa) sadurunge miwiti blajar basa Jawa					
	c. Kulina migunakake basa Jawa kanggo ngomong karo sapa bae (guru, kanca) nalika jam pelajaran Basa Jawa.					
	d. Kulina ngetrapake tata krama nalika srawung karo kancane					
	e. Kulina ngetrapake tatakrma nalika matur karo gurune.					
2	<ul style="list-style-type: none">• Jujur nalika njawab pitakon-pitakon ngenani wacan crita wayang manut panemune dhewe.					
3	<ul style="list-style-type: none">• Tanggungjawab marang tugas pribadi• Tanggungjawab marang tugas kelompok.					
4	<ul style="list-style-type: none">• Ngormati panemune wong liya nalika diskusi.• Migunakake tembung kang pas (ora kasar lan kemproh) nalika ngomong lan takon ing diskusi.					
5	<ul style="list-style-type: none">• Nggatekake nalika kancane meranake asil teks drama tradisional.• Tertarik, pingin ngerti lan sinau teks drama tradisional.					

Rubrik Penilaian (Penafsiran angka):

- 1 = sangat kurang
- 2 = kurang
- 3 = cukup
- 4 = baik
- 5 = amat baik

LAMPIRAN 5

RUBRIK PENILAIAN PENGETAHUAN

No	INDIKATOR	Rubrik penilaian	Butir instrumen
1	Menyebutkan struktur teks drama “Andhe-andhe Lumut”	1 - 5	Soal no 1
2	Menjelaskan unsur intrinsik drama “Andhe-andhe Lumut”	1 - 5	Soal no 2 – 10
3	Menjelaskan pesan moral dalam drama “Andhe-andhe Lumut”	1 - 5	Soal no 9
4	Memberikan tanggapan teks drama “Andhe-andhe Lumut” dengan kehidupan nyata.	1 - 20	Soal no 11
5	Mengubah teks / video drama menjadi teks prosa.	1 - 30	Soal no 12
Total Nilai		100	

NILAI AKHIR : $\frac{\text{Total nilai}}{100} \times 100$

LAMPIRAN 6**RUBRIK PENILAIAN KETRAMPILAN**

Mempresentasikan hasil diskusi (Bermain Peran)

Rubrik Penilaian Ketrampilan :

No	Rubrik Penilaian	Kriteria Ketepatan		
		Sempurna	Kurang Sempurna	Tidak sempurna
1	Ragam penggunaan bahasa Krama alus baik lisan maupun tulis.	25	15	10
2	Kejelasan lafal dan Intonasi baik lisan maupun tulis.	25	15	10
3	Menjiwai peran sebagai tokoh.	25	15	10
4	Penerapan unggah – ungguh basa.	25	15	10
	Nilai total	100	60	40

LEMBAR PENILAIAN PRAKTEK

Mata Pelajaran	:	Bahasa Jawa	Hari/Tanggal	:	
KD/Tema/Topik	:	Drama	Kelas	:	IX

Berikan Skor ada tiap Aspek dengan ketentuan skor yang tertera pada tabel di bawah.

NO	NAMA	ASPEK						Jumlah	NILAI AKHIR
		1	2	3	4	5	6		
1									
2									
3									

Keterangan ASPEK :

1. Ragam penggunaan Bahasa Jawa (penerapan unggah-ungguh basa)
2. Kreativitas
3. Ekspresi
4. Artikulasi
5. Intonasi
6. Penjiwaan (perwatakan)

Mengetahui,
Kepala SMP Negeri 22 Surabaya

Surabaya, 13 Juli 2020
Guru Mata Pelajaran

Yulia Krisnawati, M.Pd.
NIP. 196407171987032011

Dwi Siswantoro, S.Pd.
NIP. -